# падежхэм язэок1ын.

| падежхэр | иупч1эхэр | Гъэнэфэгъэ зэок1ык1 | К1эу-хэу и1эр. | Мыгъэнэфэгъэ зэок1ык1. | К1эу-хэу и1эр. |
|---|---|---|---|---|---|
| **Ц1эе1о** | Хэт?<br>Сыд? | **К1алэр** | -р | унэ | **-** |
| **Эргатив** | Хэт?<br>Сыд? | **К1алэм** | -м | унэ | **-** |
| **Лэжь** | Хэтк1э?<br>Сыдк1э?<br>Хэтымк1э?<br>Сыдымк1э? | **К1алэмк1э** | -мк1э | унэк1э | **-к1э** |
| **Гъэунэф** | Хэтэу?<br>Сыдэу? | **к1алэу** | -(э)у | унэу | -(э)у |

# Падежхэм ямэхьанхэр.

## Ц1эе1о падежыр

| | |
|---|---|
| Ц1эе1о падежым ит пкъыгъуац1эр гущы1эухыгъэм нахьыбэм подлежащэу къыхафэ. | **<u>Псыхъор</u>** шъабэу мэ1ушъашъэ. **<u>Тыгъэр</u>** ошъуапщэмэ зэ акъохьэ, зэ къакъок1ыжьы. |
| Ц1эе1о падежым ит пкъыгъуац1эр гущы1эухыгъэм <u>пэблэгъэ дополнениеу</u> хъун лъэк1ыщт. | Шак1ом **щабзэр** рет1упщы. Нанэ **тхьачэтхэр** щагум дифыгъэх. |

# Падежхэм ямэхьанхэр.

## Эргатив падежыр

Эргатив падежым ит пкъыгъуац1эмэ мэхьаныбэ я1.

| | |
|---|---|
| Подлежащэу гущы1эухыгъэм къыхафэх. | **Пчык1эм** уашъор къегъэнэфы. |
| Едзэк1ыгъэ дополнениеу гущы1эухыгъэм щагъэфедэ. | Иныжъыр **мыжъом** рэджэгу. |
| Ч1ып1э обстоятельствэу гущы1эухыгъэм къыхафэх. | Къухьэр чэфэу **хым** къырэчъэ. |
| Охътэ обстоятельствэу гущы1эухыгъэм къыхафэх. | Тыгъэр **мафэм** дахэу къепсыгъ, ош1э-дэмыш1эу **пчыхьэм** къушъхьэ к1ыбым щык1осэжьыгъ. |

# Падежхэм ямэхьанхэр.

## Лэжь падежыр.

### Лэжь падежым ит пкъыгъуац1эм мэхьанит1у къек1ы.

| | |
|---|---|
| 1эмэ-псымэу 1офыр зэрагъэцак1эрэр. | К1элэеджак1ор **ручкэк1э** матхэ. Татэ **къазгъырымк1э** хатэр ет1ы. |
| Хъурэ-шъу 1ор зыдагъэзэрэр. | Шыур **мэзымк1э** плъагъэ. |